



Pou Piblikasyon Imedya: 24/02/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLAN POU YON INISYATIV VWAYAJ POU NWA I LOVE NY

I LOVE NY pral ankouraje destinasyon vwayaj, evènman ak atraksyon kiltirèl pou Nwa yo pou ankouraje vwayajè Nwa yo eksplòre Eta New York

Li bati sou pwogram I LOVE NY LGBTQ a ak pwogram Accessible NY la pou ranfòse endistri touris New York la pami divès popilasyon

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a plan pou yon inisyativ vwayaj pou Nwa I LOVE NY la, ki fèt pou devlope touris Eta New York epi ankouraje vizit vwayajè Nwa yo. Gouvènè a te fè anons la nan Alvin Ailey American Dance Theatre nan kad komemorasyon eta a nan Mwa Istwa Nwa (Black History Month) a. Pwogram nan pral bati sou siksè pwogram touris eta a tankou [I LOVE NY LGBTQ](#) ak [Accessible NY](#) ki mete aksan sou destinasyon ki enterese ak favorab pou kèk kominote vwayaj espesifik.

"Nouvo inisyativ vwayaj pou Nwa I LOVE NY la pral yon selebrasyon istwa, kilti, manje, ak atistik san parèy Nwa New York yo". **Gouvènè Hochul te deklare.** "Soti nan sit ak mize ki revay istwa Nwa yo lavi rive nan enstitisyon atistik ak kiltirèl klas mondyal tankou Alvin Ailey American Dance Theatre, New York gen anpil bagay pou ofri. Mwen pa ka tann pou mwen travay ak patnè nou yo pou akeyi plis vizitè menm pou fè eksperyans ak kilti Nwa nan eta nou an."

Gouvènè Adjwen Antonio Delgado te deklare, "Mwen fyè eta nou an pral mete aksan sou divèsite enkwayab nou genyen pou nou ofri ak ankouraje vwayajè atravè mond lan pou yo fè eksperyans ak apresye kilti Nwa New York la."

Inisyativ vwayaj pou Nwa I LOVE NY la pral yon pwogram konplè k ap fè pwomosyon Eta New York kòm yon gwo destinasyon pou vwayajè Nwa yo. Li pral gen yon prezans devwe sou sitwèb I LOVE NY la, ak yon kanpay pwomosyon ki baze sou etid mache ak sansibilizasyon pati ki konsène yo ki mete aksan sou byen ki egziste deja yo epi ki sipòte nouvo pwogramasyon pou bay yon envitasyon dirèk ki akeyi vizitè Nwa yo ak fanmi yo pou yo fè eksperyans istwa, kilti, manje, astistik ak evènman san parèy Nwa yo nan New York

Divizyon Touris (Division of Tourism) la pral itilize relasyon ki egziste deja ak operatè komès vwayaj entènasyonal yo pou ankouraje kreyasyon itinerè vwayaj Nwa yo epi angaje jounalis vwayaj ak kreyatè kontni pou pataje tout sa k ap tann vwayajè Nwa yo ak zanmi yo ak fanmi yo atravè Eta New York. I LOVE NY pral kolabore tou ak lòt patnè ajans Eta yo ak ajans pwomosyon touris lokal yo pou anplifye mesaj vwayaj Nwa yo.

Enpak ekonomik anyèl touris ak vwayaj nan Eta New York apati 2021 se 85.5 milya dola, epi li jenere ase nan taks eta ak lokal yo pou pèmèt chak kay nan eta a ekonomize plis pase 1,000 dola chak ane. Endistri touris ak otelri a se twazyèm pi gwo endistri eta a, sa ki sipòte youn sou chak 10 djòb nan sektè prive a. Vwayajè Nwa yo reprezante plis pase 13 pousan mache vwayaj lwazi nasyonal, yo depanse plis pase 109 milya dola chak ane.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "New York anbrase divèsite li, epi nou vle asire vizitè yo atravè mond lan rekonèt opòtinite pou selebre istwa ak eritaj Nwa yo atravè eta a. Etandone pwofondè san parèy ak varyete atraksyon isit la ki atire vwayajè Nwa yo, pwogram sa a byen apopriye pou mete aksan ak montre plas, istwa ak moun sa yo."

Vis Prezidan Empire State Development ak Direktè Egzekitif Touris la, Ross D. Levi, te deklare, "I LOVE NY kontan anpil pou l travay avèk moun ki gen enterè atravè eta a pou konstwi ak lanse nouvo pwogram sa a, ki pral konplete lòt pwogram touristik tankou Path Through History, I LOVE NY LGBTQ ak Accessible NY. Nouvo inisyativ sa a pral ede anplifye ak pwolonje efò patnè endistri vwayaj nou yo ki deja mete aksan sou atraksyon vwayaj Nwa yo, epi pwolonje yon envitasyon pou vwayajè Nwa yo atravè mond lan pou yo vin jwenn sa yo renmen nan Eta New York."

Direktè Atistik Alvin Ailey American Dance Theater, Robert Battle, te deklare, "Antanke yon enstitisyon ki fèt apati eksperyans Nwa yo nan New York sa gen plis pase 65 ane, nou fyè dèske Gouvènè Hochul te chwazi anonse pwogram enpòtan sa a lakay Ailey - The Joan Weill Center for Dance - pi gwo bilding ki dedye ak dans isit la nan kapital dans lan. Nou pa ka tann pou nou akeyi mond lan nan New York ak lòt yo, gras a inisyativ vwayaj pou Nwa I LOVE NY la, ak wè plis vizitè enspire pa espektak ak klas Ailey yo."

New York se lakay plizyè douzèn sit Wout Ray Anbatè (Underground Railroad) ak youn nan pi gwo festival Juneteenth (19 jen) nan nasyon an. Eta a gen lyen pwofon ak lidè tankou Frederick Douglass, Sojourner Truth ak Harriet Tubman, epi se kote hip hop te pran nesans. Ou ka jwenn mize ak sit k ap selebre kilti, atizay ak eritaj Nwa yo atravè eta a - soti nan Jackie Robinson Museum nan zòn Sid Manhattan, rive nan Pak Istorik Nasyonal Harriet Tubman (Harriet Tubman National Historical Park) nan Auburn, rive nan Colored Musicians Club nan Buffalo.

Nan yon sondaj sou vwayajè Nwa yo, 64 pousan te rapòte ke disponiblite kilti Nwa ak atraksyon eritaj yo enpòtan lè y ap chwazi yon destinasyon. Yon lòt sondaj sou vwayajè Nwa yo rapòte ke divèsite nan maketin se yon faktè prensipal lè y ap chwazi yon

destinasyon vwayaj, ak 54 pousan nan vwayajè Nwa Etazini yo ki gen plis chans pou yo vizite yon destinasyon ki gen reprezantan Nwa nan piblisite yo. I LOVE NY deja gen ladan divès imaj nan maketin li yo epi li ankouraje tèm, atraksyon ak evènman ki enterese yon gran varyete kominote. Nouvo pwogram vwayaj sa a se pwochen faz travay pwomosyon segman Divizyon Touris la, ansanm ak envitasyon espesifik ak ouvèti pou vwayajè LGBTQ yo ak envite ki gen bezwen aksesibilite yo.

Enfòmasyon sou Eta New York

Eta New York se yon destinasyon pou vakans prensipal ak atraksyon klas mondyal, bote natirèl pitoresk, kuizin lokal ak yon sèn bwason atizanal k ap grandi, yon seri akomodasyon, ak festival ak evènman ikonik pandan tout ane a. 11 rejyon vakans divèsifye li yo prezante kèk nan plaj ki klase alatèt nan mond lan; de nan twa pi gwo pak eta yo prefere nan Etazini an; Niagara Falls espektakilè; plis zòn eski pase nenpòt lòt eta; youn nan sezon feyaj ki pi long nan nasyon an; miltip Halls of Fame (Tanp Renome); Tiwolyèn ki pi long, pi rapid ak pi wo nan Amerik Di Nò a; pi gwo zòn ki pwoteje piblikman nan avwazinaj Etazini an; ak pi long santye pou plizyè itilizasyon nan peyi a. Anplis de sa mize inik eta, moniman istorik, sit kiltirèl, bèl ti vil ak lakou rekreyasyon iben yo, epi se pa etonan ke piblikasyon ak ekspè vwayaj yo te toujou chwazi New York kòm yon gwo destinasyon. Pou ede planifye pwochen vakans ou nan Eta New York, vizite www.iloveny.com.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418